




Mayor's Office of
Immigrant Affairs



Nouvo Anons pou Ayisyen

**Nan dat 28 Jen 2024,
Gouvènman Ameriken an
anonse **renouvèlman** Eitati
**Pwoteksyon Tanporè pou
Ayiti.****





TPS se yon pwoteksyon imigrasyon tanporè ki pèmèt sèten moun rete Ozetazini si li pa an sekirite pou yo tounen nan peyi yo. Moun ki aplike pou TPS kapab tou aplike pou yon pèmi travay.

Ki moun ki elijib?

Sa vle di moun ki soti Ayiti **ki te ap viv Ozetazini depi 3 Jen 2024**, pral kapab aplike pou TPS, epi evantyèlman pou yon pèmi travay.

Moun ki deja gen TPS yo ap kapab renouvle TPS yo pou yon lòt 18 mwa epi **yo dwe re-aplike ant 1ye Jiyè 2024 ak 30 Out 2024** pou evite pèdi estati yo ak pèmi travay yo.

Kilè mwen ka aplike?



Ou ka kòmanse soumèt aplikasyon pou **TPS apati 1ye Jiyè 2024**. Pou aplike, w ap bezwen dokiman pou pwouve:

1

nasyonalite ou ak

2

prezans ak rezidans ou Ozetazini
depi 3 Jen 2024.




**Nou ankouraje ou konsilte sèlman
avoka ki gen lisans oswa yon
reprezantan akredite pa DOJ pou ka
imigrasyon ou.**



**Pou plis enfòmasyon sou kijan
pou pwoteje tèt ou kont fwod
nan zafè legal imigrasyon, glise a
goch oswa vizite sit entènèt nou
an:**

www.nyc.gov/immigrationfraud



1-800-354-0365

Lendi jiska Vandredi, 9AM pou 6PM

**Ou ka jwenn èd legal lè w
rele Liy Dirèk Sipò Legal pou
Imigrasyon MOIA.**



PRAN PREKOSYON AK MAGOUY NAN ZAFÈ LEGAL IMIGRASYON AK MOUN KI FÈ FWOD

Sonje:

- Se sèlman yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan akredite pa DOJ ki otorize pou okipe aplikasyon imigrasyon ou yo.
- Yon notè piblik ki pa yon avoka ki gen lisans pa ka ranpli fòm sa yo, soumèt yo pou ou, oswa fè ou peye pou fè papye imigrasyon ou yo.



ILwa sou imigrasyon konplike.

Pran prekosyon ak magouy nan zafè legal imigrasyon oswa founisè fwodile ki ka di w lòt bagay epi bay fo pwomès, tankou:

- Yon fason pou jwenn yon pèmi travay oswa yon viza **imedyatman**.
- Deklarasyon ki endike ke pa gen okenn **risk oswa konsekans**.
- Reklamasyon ki di yo gen **enfliyans espesyal** ak otorite imigrasyon yo.